Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет
Гумбет районалъул газета

№ 51 (6631) 17 декабрь 2018 с. Итни РабигIуль ахир 1440 с. Багьа 5 гъур.

ГIАДАМАЛ КЪАБУЛ ГЬАРИЯЛЪУЛ ТIОЛГОРОССИЯЛЪУЛ КЪО

## Магъардала ахал чIеялъул, лъим бачиналъул, спортзал баялъул суалал

### Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас гIадамал къабул гьаруна

**Россиялъул президент Владимир Путинил тIадкъаялда рекъон, РФялъул Конституциялъул къо - 12 декабрь лъазабун букIана гIадамал къабул гьариялъул тIолгороссиялъул къолъун.**



Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас 12 декабралда гIадамал тIаде къабул гьаруна. Гьеб къоялъ гIадамал рачIана социалиял, рукIа-рахъиналъул, коммуналиял, росдал магIишаталъул ва цогидалги суалалгун.

«Село Нижнее Инхо» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер МухIамад Ибрагьимовас рорхана Магъардала абулеб бакIалда ахал чIеялъул ва лъим бачиналъул суалал. Лъим бачине ккола 1,5 км халалъухъе. Гьелъ рес кьезе буго ункъоабилел соназ щибаб лъагIалие 80 тонна куракул кьолел рукIарал ахал цIигьаризе. Магъардала абулеб бакIалда дандритIунги руго ахал, гьенибеги бачине ккола лъим. «Гьеб суал битIизе ккола ДРялъул мелиорациялъул ва росдал магIишат лъедалъун хьезабиялъул министерствоялде», - ян абуна МухIамад Хьарагишиевас.

Гъоркь Инхо росдал администрациялъул бетIер МухIамад Ибрагьимовас гьединго борхана хьиндаллъиялъул зонаялъе хъулухъалъе кьураб цIа свинаблеб машина хIалтIизабиялъул, спортзалалъе ремонт гьабиялъул хIакъалъулъ ва цогидалги темаби.

«Село Килятль» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер АхIмад Каримовас спортзал баялъул суалгун. «Цебе биччан букIана спортзал базе 1 млн 300 азарго гъурущ ва гьеб гIарцуде дандрекъон кколеб хIалтIиги гьабун букIана. ГьабсагIат хIалтIи гьоркьоб кьотIун буго сурсатал гьечIолъиялъ», - ян бицана АхIмад Каримовас.

Ингишо росулъа Айзай Халидовалъ гьарана материалияб кумек гьабеян. Гьелъул вас Хьайтмаз Хьайтмазовас яшав гьабулеб рукъалъул щулалъиялъе бараб къед биххун букIана. МухIамад Хьарагишиевас щибаб суалалъе баянал кьуна ва абуна тIаде къабул гьарураз цере лъурал масъалабазул халгьабизе ва тIуразаризе тIад хIалтIизе ругин.

**Хадижат Мазгарова**

## Конституциялъул байрамкъоялъ гIолилазе паспортал кьуна

### Россиялъул Конституциялъ 25 сон тIубана

**Россиялъул Халкъазул гIадатияб маданияталъул централъул кIалгIаялда 12 декабралда кIодо гьабуна рохалилаб байрам – Россиялъул Конституциялъ 25 сон тIубай.**




Гьеб рагьана ва баркиялъулаб кIалъай гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас.

Россиялъул Конституциялъул къо баркана, гьеб документалъул тарихалъул, кIваралъул, гражданазул ихтияразул, тIадал ишазул, аслияб закон хIисабалда Конституция лъазе ккеялъул бицана районалъул прокурорасул заместитель Хизри Хираевас, Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул штабалъул нухмалъулев ГIамир ГIамировас, районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас, лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас.

Данделъиялда 14 сон барал гIолилал васазе ва ясазе кьуна цIиял паспортал.

* * *

Россиялъул Конституциялъул къоялда хурхун Ингишо гьоркьохъеб школалда тIобитIана цIалдохъабазул данделъи. Россиялъул аслияб закон - Конституциялъул тарихалъул цIалдохъабазда бицана Ингишо росдал библиотекаялъул нухмалъулей ПатIина АхIмадовалъ.

Россиялъул Конституциялъ 25 сон тIубаялда хурхун дандерусcинал тIоритIана, выставкаби гIуцIана, гара-чIвариял гьаруна Бакълъулазул районалъул цогидал росабазул маданиял учреждениязда ва библиотекабаздаги.

**Къурмагъиз ХIадисова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## 1697 лъимералъул халгьаби, 179 хъулухъ, гIолилазулгун дандчIваял...

### Бакълъулазул районалда халгьабуна лъайкьеялъул ва гIолилазул политикаялъул суалазул

**10 декабралда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана лъайкьеялъул, гIолилазул политикаялъул ва цогидалги суалал гьоркьор лъураб данделъи.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна федералиял, республикаялъулал, муниципалиял идарабазул хIалтIухъабаз, бакIалъулаб самоуправлениялъул вакилзабаз ва цогидазги.

Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас.

(Ахир - 2 аб. гьумералда)

НОМЕРАЛДА РУГО:



РакI бацIцIадаб хIалтIул къимат гьабуна -2 гьум.



Бакълъулазул районалъул администрациялъги шапакъат кьуна «Ежевикагун цадахъ Гумбеталда» фильмалъухъ -2 гьум.



МелъелтIа школалда - «МагIарулай» - 3 гьум.



Шамил ГIалиев - республикаялъул олимпиадаялъул призер -3 гьум.

# 1697 лъимералъул халгъаби, 179 хъулухъ, гIолилазулгун дандчIваял...

(Байбихьи - тIоцебесеб гьум.)



Бакълъулазул районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовас бицана медицинаялъул хIалтIухъабазул аттестация тIобитIиялъул, 1697 лъимералъе туберкулезалъул диагностика гьабиялъул, Дагъистан Республикаялъул сахлъи цIуниялъул министерствоялъ тIобитIараб видеоконференциялда гIахьаллъиялъул, медхIалтIухъабазул цогидабги хIаракатчилъиязул хIакъалъулъ.

ДРялъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас абуна араб анкьалъ пачалихъиял ва муниципалиял хъулухъал гьареян 251 гIарза бачIанин, гьездасан 179 тIубанин, цогидал ахиралде щун тIуралеги ругин.

Районалъул гIолилазул централъул хIалтIухъаби щвана ЧIиркъатIа росулъе, дандчIвана поселениялъул администрациялъул, ДЮСШялъул, гьоркьохъеб школалъул ва цогидалги учреждениязул вакилзабигун, халгъабуна гьениб бугеб хIалалъул, бицана церечIарал масъалабазул, дандчIвлел квалквалазул, цIалдохъабазда ва гIолилазда гьоркьоб гьабуна ВатIан бокьиялъул, рухIиябгун лъикIаб гIамал-хасияталъул тарбия кьеялъул хIалтIи. ЧIикь росулъ тIобитIана гIолилазул политика гIумруялде бахъинабиялда хурхарал суалал гьоркьоб лъураб данделъи. ГIолилазул централъул хIалтIухъабазул рахъккввеялдалъун, ЧIиркъатIа ДЮСШялда эркенаб гугариялъул турнир тIобитIана. ГIолилазул централъул хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ данделъиялда бицана гьелъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас.

МелъелтIа росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас тIадчIей гьабуна лъим бачарал рогIрал хисулел, халкъалъе хъулухъ гьабиялде ралагьарал хIалтIаби тIоритIулел рукIиналда.

Муниципалитеталъул бакIал раялъул, архитектураялъул рахъалъ бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас бицана Бакълъулазул районалъул тIасияб зонаялъул росабалъе газ бачиналъул бугеб хIалалъул, росабазда жанисел газалъул рогIрал хIалтIизе кьезе хIадуризе кумек гьабеян гIадамазде хитIаб гьабуна.

Бакълъулазул районалъул хъаравуллъиялъулгун хIисабалъул палатаялъул председатель Шамил ГIалиев вахъана Россиялъул ва Дагъистаналъул конституциял лъаялъе республикаялъулаб олимпиадаялъул призерлъун. Районалъул нухмалъиялъул рахъалдасан МухIамад Хъарагишиевас данделъиялда гьесда баркана бергьенлъи ва гьарана хадурккунги церетIеял.

Араб анкьалъ тIоритIана физикаялъул, географиялъул ва цогидалги предметазул школалъулал олимпиадаби. Районалъул лъайкьеялъул учреждениязул мугIалимаз гIахьаллъи гьабуна авар мацIалъул мугIалимазул Ассоциациялъул Координациялъулаб Советалъул данделъиялда. Лъайкьеялъул бутIаялда гьарурал гьел ва цогидал хIалтIабазда хурхараб информация кьуна лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул ведущий специалист Сурхай Сурхаевас.

«Районалда ВатIаналъул БахIарзазул кьоялда хурхун батIи-батIиял тадбирал тIоритIана, ракIалде щвезеюна халкъияб шагIир Фазу ГIалиева. Библиотекабазда гIуцIана дандчIваял ва цIалиял кIвар бугел календариял кьоязда хурхун», - ян абуна культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас.

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас данделъиялъул хIасилал гьаруна, бихьизабуна гьоркьоса кьотIичIого киналго ведомствабаз ва учреждениязгьабулеб хIалтIул кIвар буголъи, бюджеталъул щивав хIалтIухъан ахIана граждазул гIумруялъул шартIал лъикIлъизаризелъун дагьалги жигаралда хIалтIизе.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

НИЛЪЕР ГIАЛИМЗАБИ

# РакI бацIцIадаб хIалтIул къимат гьабуна

### Москваялъул бищун лъикIав бетIерав тохтурлъун рикIкIана МелъелтIаса ИсмагIил ГIусманов

**Москва шагьаралъул сахлъи цIуниялъул Департаменталъул З. Л. Башляевалъул цIаралда бугеб лъималазул клиническияб больницаялъул бетIерав тохтур, медицинаялъул гIелмабазул доктор, профессор, Бакълъулазул районалъул МелъелтIа росулъа ИсмагIил ГIусманов рикIкIана Москваялъул бищун лъикIав бетIерав тохтурлъун.**



Гьал кьояз Москваялда тIобитIана «Формула жизни» фестиваль ва гьениб шагьаралъул мэр Сергей Собяниница сахлъи цIуниялъул вакилзабазе кьуна хIурматиял цIарал, шапакъатал ва цогидалги сайгъатал.

«Шагьаралъул бищун лъикIав бетIерав тохтур» номинациялда бергьун, шапакъат щвана Москва шагьаралъул сахлъи цIуниялъул Департаменталъул З. Л. Башляевалъул цIаралда бугеб лъималазул клиническияб больницаялъул бетIерав тохтур ИсмагIил ГIусмановасе.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас баркана ИсмагIил ГIусмановасда гьесие сахлъи цIуниялъул бутIаялда щварал церетIеязе гIоло кьураб тIадегIанаб шапакъат.

«ХIурматияв ИсмагIил МухIамадтIагьирович» ракIракIалъ баркула Дуда «Москваялъул бищун лъикIав бетIерав тохтур» абураб цIар щвей! Мун вуго гIадамазул гIумру хвасар гьабулев камилав тохтур, унго-унгояв махщалилав. Москва шагьаралъул сахлъи цIуниялъул Департаменталъул З. Л. Башляевалъул цIаралда бугеб лъималазул больницаялъул бетIерав тохтур, Россиялъул сахлъи цIуниялъул министерствоялъул И. И. Пироговасул цIаралда бугеб РНИМУялъул ВПОялъул ГБОУялъул Университеталъулаб педиатриялъул клиникаялъул директор, Россиялъул сахлъи цIуниялъул министерствоялъул И. И. Пироговасул цIаралда бугеб РНИМУялъул ВПОялъул ГБОУялъул педиатриялъул госпиталияб кафедраялъул профессор, лъималазул бетIерав специалист – нефролог хIисабалда, Дуца кIудияб бутIа лъолеб буго улкаялъул сахлъи цIуниялъул системаялъул хIалтIулъ, борхизабулеб буго медицинаялъулаб хъулухъ гьабиялъул даража, инсан сахлъи щулиявлъун лъугьинавиялъе кверкъеи гьабулеб буго.

Киналго бакълъулазул рахъалдасан ва дирго рахъалдасанги гьарула Дуе захIматалъулаб хIаракатчилъиялда бергьенлъаби, щулияб сахлъи, талихIрохел!», - ян абулеб буго районалъул бетIерас баркиялъулаб кагъаталда.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

# Бакълъулазул районалъул администрациялъги шапакъат кьуна «Ежевикагун цадахъ Гумбеталда» фильмалъухъ

**Бакълъулазул районалде чанго моцIалъ цее сапаралъ ячIун йикIана Мордовиялдаса культураялъул хIаракатчIужу, этномузыколог, OYME группаялъул кочIохъан Ежевика Спиркина.**



Гумбеталда гьелъ лъикIалан кьоял рана. Районалъул культураялъулва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировгун, Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул нухмалъулев, Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировгун гьей щвана районалда ругел тарихиял бакIазде – Лъанлъари росдада гIагарлъухъ бугеб цебегосеб сиялде, ЧIиркъатIа ва райцентралда ругел музеязде, ЦIаналъе тIабигIияб «холодильникалде», халкъиял махщалилал – пахъул устарзабахъе ИчичIалире ва цогидалги бакIазде. Ахакь пихъги барщараб, тIабигIатги берцинаб заманалъ бакълъулазухъе ячIарай гьоболалъул ракIалъе лъикIаб асар гьабуна нилъер тIабигIаталъ, гьава-бакъалъ, жиндехунго гIадамаз гьабураб берталагьиялъ. Хасго гьей рази йикIана жиндие хъулухъалъе яхъун чIарай, хинаб квен хIадурарай ЛъаратIа росулъа Алипат Сайиповалдаса.

Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул нухмалъулев Набигула АхIмадибировас бахъана «Ежевикагун цадахъ Гумбеталда» абураб гьитIинаб фильм. Гьеб битIана регионалияб XVI – абилеб «Нур» конкурсалде.

Халкъияб творчествоялъул, фольклоралъул ирсалъул «Нур» этнографиялъул фильмал рахъиялъул XVI регионалияб конкурсалда, улкаялъул регионаздаса 30 фильмалда гьоркьоб, Набигула АхIмадибировасул гьеб фильм бищун лъикIаблъун рикIкIана ва конкурсалъул гран-при щвана. Этнокультуриял гIадатал лъикI загьир гьариялъе гIоло фильмалъул авторасе кьуна Дагъистаналъул культураялъул министерствоялъул диплом.

Набигула АхIмадибиров жинцаго рахъарал фильмалгун чанго нухалъ гIахьаллъана «Нур» конкурсалда. Ккуна призовиял бакIал, щвана шапакъатал. Дипломалги, грамотабиги гIемер щвана маданияб централъеги. Исана тIобитIараб «Культура-онлайн» конкурсалдаги Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул централъе щвана лъабабилеб бакI.

Гьал кьояз районалъул администрациялда XVI регионалияб «Нур» конкурсалда тIадегIанаб къимат кьураб «Ежевикагун цадахъ Гумбеталда» фильм бахъарав Россиялъул халкъазул гIадатияб маданиялъул централъул нухмалъулев Набигула АхIмадибировасе, муниципалитеталъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировасе, фильмалъул герой, бакълъулазул хIурматияй гьобол Ежевика Спиркиналъе районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас кьуна хIурматалъул грамотаби.

**Къурмагъиз ХIадисова**

ИСЛАМАЛЪ ГЬАВУЛА ИНСАНЛЪУН ИНСАН

# ГIалимзабазул вагIза-насихIатал

### МелъелтIа росулъ тIобитIана мажлис

**8 декабралда Бакълъулазул районалъул МелъелтIа росулъ физкультураялъулгун сахгъариялъул комплексалда, РабигIул аввал моцIалъул хIурматалда, тIобитIана мажлис.**

ВагIзабигун, насихIаталгун мажлисалда кIалъазе рахъана Дагъистаналъул Муфтияталъул МугIрузул территориалияб округалда ихтияр кодосев вакил Магьди ГIабидов, Бакълъулазул районалъул имам Шамил Назиров, Шамил районалъул имам ХIасан МухIамадов, МелъелтIа росдал имам Исрапил ГIизраилов, Ингишо росдал имам ГIумар МухIамадов ва цогидал.

(Ахир - 3 аб. гьумералда)

## ГIалимзабазул вагIза-насихIатал

(Байбихьи - 2 аб. гъум.)

Магьди ГIабидовас бицана хIакъикъияв бусурманчиясул гIамал-хасиятазул, тIабигIат берцинлъиялъул, МухIамад аварагасул ( с. т. гI. в.) гIумруялъул.




«Исламалъ ахIула лъикIабщиналде, канлъуде, инсаният цебетIеялде, жамгIияталъул, умматалъул ургъел гьабизе, сверухъ ругезе пайдаяллъун рукIине, гIадамазе кумек, пайда гьабизе», - ян абуна районалъул имам Шамил Назировас.

Мажлисалда гIахьаллъаразда гIалимздасан пайдаябщинаб лъана.

**«Гумбет» РИО**

БЕРАЛ КЪАНЩУНИЛАН, КЪАДРУ ХОЛАРО

## Полициялъулазул рахъалдасан - 20 хъизамалъе сайгъатал

### Хъулухъалъулаб налъи тIубалаго хварал ракIалде щвезаруна

**Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулез ва полициялъулаз, жанисел ишазул органазул ветераназ, ВатIаналъул БахIарзазул къоялъул хIурматалда микьабилеб декабралда ракIалде щвезаруна хъулухъалъулаб налъи тIубалаго хварал Бакълъулазул районалдаса гIадлу-низам цIунулел.**



Гьенире къабул гьарун рукIана гIумруялдаса ратIалъаразул хъизабазул членал. РФялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев полициялъул подполковник Шамил Мажидовас 20 хъизамалъе къуна къиматал сайгъатал ва МелъелтIа ДЮСШялда гьезие къадеквен къейги гIуцIана.

«Жидерго хъулухъалъулаб налъи ва рагъулаб гьа тIубалде жавабчилъиялда, ритIухъго ралагъарал гIадамал наслабазда кIочене ва гьел хисун хIалтIизе рачIараз гьездаса мисал босила. Нижеда кидаго рекIелъ хутIизе руго нилъер ВатIаналъул намус ва къадру цIунулаго хварал полициялъулал» - ян абуна Шамил Мажидовас.

Хъулухъалъулаб налъи тIубалаго хваразул хъизабаз полициялъул хIалтIухъабазе баркала къуна.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIАДАМАЛ

## Шамил ГIалиев - республикаялъул олимпиадаялъул призер

### Россиялъул ва Дагъистаналъул конституциял лъаялъул республикаялъул олимпиадаялъул призерлъун вахъана Шамил ГIалиев

**МахIачхъалаялда, ДГУНХялда тIобитIана Россиялъул Федерациялъул ва Дагъистан Республикаялъул конституциязул положениял лъаялъул республикаялъулаб олимпиада. ДРялъул бетIерасул ва ХIукуматалъул администрациязул гIуцIараб тадбир букIана гьеб.**



Олимпиадаялда гIахьаллъана 161 ... 161 пачалихъияв, граждансияв ва муниципалияв хъулухъчи, гьездаго гьоркьор «Дир Дагъистан» проекталъул конкурсалда бергьаралги. Бакълъулазул районалъул хъавуллъиялъулгун хIисабалъул палатаялъул председатель Шамил ГIалиевас олимпиадаялда лъабабилеб бакI ккуна.

«Гумбет» район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас Шамил ГIалиевасда баркана призовияб бакI кквей ва гьаранa хадурккунги бергьенлъаби гIагараб ракьалъе ва республикаялъе гIоло гьабулеб пайдаяб хIалтIулъ.

**«Гумбет» РИО**

2019 СОН - ТЕАТРАЛЪУЛ ЛЪАГIЕЛ

## МелъелтIа школалда - «МагIарулай»

### Театралъул сон рагьана, ЦIадаса ХIамзатил ва Расул ХIамзатовасул пьесабазда рекъон, спектаклял лъеялдалъун



11 декабралда Чалаби Бекмирзаевасул цIаралда бугеб МелъелтIа гьоркьохъеб школалда рагьана Театралъул лъагIел. Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул театралъул ва МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз жидерго хIаракаталда рихьизаруна ЦIадаса ХIамзатил «Айдемир ва Умайгьанат», Расул ХIамзатовасул «МагIарулай» пьесабаздаса бутIаби.

Бакълъулазул районалда Театралъул лъагIел рагьиялъул дандерусcинада кIалъазе рахъана муниципалитеталъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибиров, ГЦТКНРялъул халкъияб театралъул режиссер НурмухIамад НурмухIамадов ва цогидал.

«Россиялъул президент Владимир Путинил Узакалдалъун 2019 сон улкаялда лъазабун буго Театралъул лъагIеллъун. 2018 соналъул декабралдасаго нилъер улкаялда гьелда хурхун тадбирал тIоритIулел руго. Театр ккола искусствоялъул кIвар бугеб цебегосеб бутIалъун. Гьелъ инсан куцала. Киназдаго баркула Бакълъулазул районалда Театралъул лъагIел рагьи», - ян абуна МухIамад ГIумардибировас.

Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул халкъияб театралъ Расул ХIамзатовасул «МагIарулай» пьесаялдаса цо бутIа. Актераз ролал хIана махщалида.

МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазул жидерго хIаракаталда хIалтIулеб театралъ бихьизабуна Дагъистаналъул халкъазул маданияталъул ва гIадатазул темаялда «Болхъа» спектакль ва ЦIадаса ХIамзатил «Айдемир ва Умайгьанат» пьесаялдаса цо бутIа.

Художественниял номералгун цереражхъана Дагъистаналъул халкъияй артистка ГIайшат Тажудинова, халкъиял кучIдул ахIулей ГIайшат Хасбулатова ва цогидал.

МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул нухмалъулей Эльмира МухIамадовалъ баркала къуна гьеб тадбир гIуцIизе ва тIобитIизе кумек гьабуразе.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

## Бакълъулазул цIалдохъабазда гьоркьор олимпиадаби

**Бакълъулазул районалъул МелъелтIа интернаталда тIоритIана 7-11 классазул цIалдохъабазда гьоркьор географиялъул,правоялъул, гIурус мацIалъул, физкультураялъул олимпиадаби. Гьезда гIахьаллъана 164 цIалдохъан.**

Географиялъул олимпиадаялда 7 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна Мариям МухIамадовалъ-МелъелтIа ООШ, 8 классазда гьоркьоб Марьям МухIамадовалъ-ЛъаратIа СОШ, 9 классазда гьоркьоб СайгидхIосен МухIамадовас-ЧIикь ООШ, 10 классазда гьоркьоб Шамил МухIамадовас- ЧIиркъатIа СОШ, 11 классазда гьоркьоб Пайзат МухIамадовалъ-ЛъаратIа СОШ.

Правоялъул олимпиадаялда 9 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Хадижат Гьойтимирова – ЦIиликь СОШ, 10 классазда гьоркьоб гьебго школалъул цIалдохъан МухIамадрасул АбулхIасанов, 11 классазда гьоркьоб Ислам ДарбищухIумаев-МелъелтIа СОШ.

ГIурус мацIалъул олимпиадаялда 7 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ГIашура Зугьайровалъ –МелъелтIа СОШ, 8 классазда гьоркьоб Марьям МухIамадовалъ - ЛъаратIа СОШ, 9 классазда гьоркьоб Зайнаб ГIабдусаламовалъ-Игьали СОШ, 10 классазда гьоркьоб Зайнаб МухIамадовалъ - ЛъаратIа СОШ, 11 классазда гьоркьоб гьебго школалъул цIалдохъан Пайзат МухIамадовалъ ккуна.

Физкультураялъул олимпиадаялда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана 7 классазда гьоркьоб Мурад ГIабдурахIманов - МелъелтIа ООШ, 8 классазда гьоркьоб МухIамадрасул ГIабдулкаримов - Гьоркь Инхо СОШ, 9 классазда гьоркьоб ПатIимат Расулова-МелъелтIа СОШ, 10 классалда гьоркьоб АхIмад Бибулатов - Игьали СОШ.

**ГIайшат Исламбиева**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

## ЧIиркъатIа росулъ тIоритIана эркенаб гугариялъул къецал

**Бакълъулазул районалъул ЧIиркъатIа лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалда тIоритIана эркенаб гугариялъул къецал.**

Къецазда гIахьаллъана Игьали, Гьарадирихъ, Инхо, Килалъ росабалъа гугарухъаби.

Гьеб тадбир рагьун кIалъазе вахъана спортивияб школалъул нухмалъулев ГIабдулмажид Шихшаалаев. Къецал гIуцIизе ва тIоритIизе кумек гьабуна Бакълъулазул районалъул гIолилазул централъул хIалтIухъаби МухIамадрасул МухIамадовас, Заур Халидовас ва цогидазги.

Къецазда тIоцебесеб бакI ккуна ЧIиркъатIа росдал командаялъ (тренерал ГIабдула ГIабдуразакъов ва Басир МухIамадбакъиров). КIиабилеб бакI щвана Игьали росдал командаялъе (тренер Шамхал Ибрагьимов), лъабабилеб бакI – Инхо росдал командаялъе (тренер ГIумар ГIабдулгъаниев). Бергьенлъи босарал гугарухъабазе къуна грамотаби.

**«Гумбет» РИО**

КЪАБУЛЕБ БУГО ЦIЦУМУР

## Районалъул школазда унеб буго ЕГЭялде хIадурлъи

**Бакълъулазул районалъул гIаммаб лъайкьеялъул школазда 52 выпускникас, 2019 соналъул ЕГЭялде хIадурлъиялъулал тадбиразда хурхун, хъвана сочинение.**

Районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул ведущий специалист Сурхай Сурхаевас абуна ЕГЭ – 2019 – ялде киналго школазда хIадурлъулел ругин, 11 классалъул цIалдохъабаз, пачалихъиял экзаменазда лъикIаб хIасил щвезелъун, цIалуде кIвар кьолеб бугин.

**«Гумбет» РИО**

ДОКУМЕНТЫ

# План
# контрольно-ревизионных мероприятий контрольно-счетной палаты МР «Гумбетовский район» на 2019 год, утвержденный решением Собрания депутатов МР «Гумбетовский район» № 67 от «06» декабря 2018 г.

| № п\п | Содержание работы | Срок исполнен. | Ответственный за исполнение | Основание для проверки |
|---|---|---|---|---|
| | 1. Контрольно-ревизионная работа | | | |
| | 1.1. Плановые проверки формирования и исполнения бюджетов муниципальных образований - сельских поселений | | | |
| 1.1.1 | Проверка соблюдения законодательства при формировании и исполнении бюджета МО «село «Нижнее Инхо», целевого и эффективного использования бюджетных средств в 2018 г. | 1 квартал 2019 г. | Председатель КСП Алиев Ш. | Положение о КСП Пост СД № 87 от 29.02.2012 г. |
| 1.1.2. | Проверка соблюдения законодательства при формировании и исполнении бюджета МО «село Верхнее Инхо», целевого и эффективного использования бюджетных средств в 2018 г. | 2 квартал 2019 г. | Председатель КСП Алиев Ш. | Положение о КСП Пост СД № 87 от 29.02.2012 г. |
| 1.1.3. | Проверка соблюдения законодательства при формировании и исполнении бюджета МО «село Килятли», целевого и эффективного использования бюджетных средств в 2018 г. | 3 квартал 2019 г. | Председатель КСП Алиев Ш. | Положение о КСП Пост СД № 87 от 29.02.2012 г. |
| 1.1.4. | Проверка соблюдения законодательства при формировании и исполнении бюджета МО «сельсовет «Мехельтинский», целевого и эффективного использования бюджетных средств в 2018 г. | 4 квартал 2019 г. | Председатель КСП Алиев Ш. | Положение о КСП Пост СД № 87 от 29.02.2012 г. |
| | 1.2. Контрольно-ревизионные мероприятия в отношении муниципальных учреждений | | | |
| 1.2.1. | Проверка финансово-хозяйственной деятельности МКОУ «Килятлинская средняя общеобразовательная школа» за 2018 г. | 1квартал 2019 г. | Председатель КСП Алиев Ш. | Положение о КСП Пост СД № 87 от 29.02.2012 г. |
| 1.2.2. | Проверка финансово-хозяйственной деятельности МКУ «Гумбетовский центр традиционной культуры народов России» за 2018 г. | 1квартал 2019 г. | Председатель КСП Алиев Ш. | Положение о КСП Пост СД № 87 от 29.02.2012 г. |
| 1.2.3. | Проверка финансово-хозяйственной деятельности МКДОУ «Детский сад «Ласточка» с.Тлярата за 2018 г. | 2 квартал 2019 г. | Председатель КСП Алиев Ш. | Положение о КСП Пост СД № 87 от 29.02.2012 г. |
| 1.2.4. | Проверка финансово-хозяйственной деятельности МКУ «Гумбетовский молодежный центр» за 2018 г. | 2 квартал 2019 г. | Председатель КСП Алиев Ш. | Положение о КСП Пост СД № 87 от 29.02.2012 г. |
| 1.2.5. | Проверка финансово-хозяйственной деятельности МКОУ «Килятлинская средняя общеобразовательная школа» за 2018 г. | 3 квартал 2019 г. | Председатель КСП Алиев Ш. | Положение о КСП Пост СД № 87 от 29.02.2012 г. |
| 1.2.6. | Проверка финансово-хозяйственной деятельности МКДОУ «Детский сад «Улыбка» с.Н.Инхо за 2018 г. | 3 квартал 2019 г. | Председатель КСП Алиев Ш. | Положение о КСП Пост СД № 87 от 29.02.2012 г. |
| 1.2.7. | Проверка финансово-хозяйственной деятельности МКУ «Гумбетовская централизованная библиотечная система» за 2018 г. | 4 квартал 2019 г. | Председатель КСП Алиев Ш. | Положение о КСП Пост СД № 87 от 29.02.2012 г. |
| 1.2.8. | Проверка финансово-хозяйственной деятельности МКУ «Информационно-методический центр» за 2018г . | 4 квартал 2019 г. | Председатель КСП Алиев Ш. | Положение о КСП Пост СД № 87 от 29.02.2012 г. |
| 1.2.9. | Проверка соблюдения органами местного самоуправления сельских поселений нормативов формирования расходов на их содержание, утвержденных Постановлением Правительства Республики Дагестан | Весь период | Председатель КСП Алиев Ш. | Положение о КСП Пост СД № 87 от 29.02.2012 г., Представление Службы государственного финансового контроля РД |
| 1.2.10. | Внеплановые контрольные мероприятия по запросам главы МР «Гумбетовский район» и депутатов Собрания депутатов МР «Гумбетовский район» | Весь период | Председатель КСП Алиев Ш. | Положение о КСП Пост СД № 87 от 29.02.2012 г. |
| 1.2.11. | Оперативный контроль за исполнением представлений КСП МР «Гумбетовский район» | Весь период | Председатель КСП Алиев Ш. | Положение о КСП Пост СД № 87 от 29.02.2012 г. |

**Шамиль Алиев,**
**председатель контрольно-счетной палаты МР «Гумбетовский район»**

БетIерав редактор ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакъульулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторАз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.